

vaccine	vaksen	preparasyon ki fèt avèk bakteri mouri oswa patikil domaje nan pawa selil bakteri oswa viris ki ka evite kèk maladi bakteryen oswa maladi viral.
vagina	vajen	tib miskilè ki konekte pati enferyè matris yon fanm avèk esteryè kò a; se kanal akouchman kote yon tibebe pase lè l ap fèt.
variable	varyab	yon bagay nan yon esperyans ki ka chanje.
variation	varyasyon	karakteristik ereditè ki fè yon moun diferan avèk lòt manm menm espès la epi ki se rezilta yon mouvman jèn ki nan òganis lan.
vascular plant	plant vaskilè	plant ki gen estrikti tankou tib ki deplase mineral, dlo ak lòt sibstans toupatou nan plant lan.
vein	venn	veso sangen ki mennen san retounen nan kè a, epi ki gen valvil a sans inik ki fè san an kontinye ale nan kè a.
velocity	velosite	vitès ak direksyon yon objè ki an mouvman.
vent	chemine	ouvèti kote magma a ogmante an fòs epi koule sou sifas tè a sou fòm lav pou fòme yon vòlkan.
ventricles	vantrikil	de (2) chanm kè a ki pi ba, ki kontrakte anmenmtan nan yon batmannkè.
vertebrae	vètèb	zo do ki ini nan yon katilaj fleksib epi ki pwoteje kòdon nève kolòn vètebral yon vètebre.
vertebrate	vètebre	zannimo ki gen yon kolòn vètebral.
vestigial structure	estrikti vestijyal	estrikti tankou apendis moun, ki pa sanble gen yon fonksyon epi ki ka te fonksyone yon fwa nan kò yon zansèt.
villi	vilozite	pwojeksyon tankou dwèt ki kouvri pawa ti entesten an ki

		ogmante sifas pou absòpsyon manje.
virtual image	imaj vityèl	yon imaj reyon limyè divèjan fòme; sèvo a distenge reyon limyè sa yo, menm si okenn reyon limyè reyèl pa pase atravè kote imaj yo sanble lokalize.
virus	viris	yon aspè sibstans ereditè ki antoure avèk anwoba yon pwoteyin ki enfekte ak miltipliye nan yon selil ot.
viscosity	viskozite	rezistans yon likid pou li koule.
visible light	limyè vizib	onn elektwomayetik ant 750 ak 400 bilyonyèm mè; zye moun ka detekte li.
vitamin	vitamin	sibstans nitritif òganik solib nan dlo oswa solib nan matyè gra ki nesèsè an ti kantite pou kwasans, pou evite kèk maladi epi pou kontwole fonksyon kò yo.
volcanic mountains	montay vòlkanik	montay ki fòme lè sibstans ki fonn yo rive nan sifas tè a atravè yon zòn ki gen kwout fèb epi ki anpile nan yon estrikti anfòm yon kòn.
volcanic neck	nek vòlkanik	nwayo igne solid yon vòlkan ki rete dèyè apre degajman kò ki pi mou yo.
volcano	vòlkan	ouvèti nan sifas tè a k ap degaje gaz silfire, sann ak lav; li ka fòme nan limit plak yo, kote plak yo deplase apa oswa ansanm, ak nan pwen cho yo.
voltage difference	diferans vòltaj	asosye avèk fòs ki fè chaj elektrik yo sikile; li mezire an vòlt (V).
volume	volim	kantite espas yon objè okipe.
voluntary muscle	misk volontè	misk, tankou misk yon janm oswa bra ki ka kontwole avèk volonte.